

# REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE  
Secrétariat Général de l'Etat

## **ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°8 YO KU WA GATATU** **IGENEKEREZO RYA 05 MUKAKARO 2023**

Inama y'Abashikiranganji yarakoranye kuri uyu wa Gatatu igenekerezo rya 05 Mukakaro 2023 i Gitega, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama rukongera rukemezwa, yaciye aha umwanya Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize icegeranyo c'ivyavuye mu nama nteguza y'iyi nama nshikiranganji, yabaye ku magenekerezo ya 14 na 19 Ruheshi 2023 no kw'igenekerezo rya 04 Mukakaro 2023, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Ivyihwejwe ni ibi bikurikira:

**1. Umugambi w'igihugu wo gufashanya mw'iterambere, washikirijwe n'Ibiro vyUmukuru w'Igihugu.**

Uwo mugambi ufise ihangiro ryo guteza imbere abenegihugu ata n'umwe avuyemwo, biciye mu gufashanya mw'iterambere.

Niwo fatiro mu gufashanya mw'iterambere ry'Uburundi, haba mu bikorwa birangurwa na Reta canke ivy'abafashanya n'Uburundi mw'iterambere. Urerekana ingene intererano y'abafashanya n'Uburundi yokurikiranirwa hafi, biciye mu kubitunganya neza kandi bigakorwa ku mugaragaro.

Uwo mugambi wavuye mu bikorwa bibiri bikomeye vyatunganijwe na Reta mu mwaka w'2021.

Hari Inama rukokoma y'igihugu kuvyerekeye iterambere yabaye muri Munyonyo 2021 yari ifise ihangiro yo kwegeranya Abarundi b'incabwenge bose iyo bava bakagera, kugirango baterere ivyiyumviro bishobora gutuma Uburundi buba igihugu cifashe mu mwaka w'2040, hakaba kandi n'inama y'abafashanya n'Uburundi mw'iterambere yabaye muri Kigarama 2021.

Hari ivyiyumviro ngenderwako bizokwisungwa mw'ishirwa mu ngiro ry'uyu mugambi, navyo ni ibi bikurikira :

- Uburongozi bwiza bw'igihugu ;
- Kwiyumvira no kubona ibintu hakiri kare;
- Kugira ibintu ivyacu ;
- Gukora kumugaragaro no kugira ico umuntu abazwa ;
- Gukora ufise umwimbu ushaka gushikako ;
- Kutiyugarana mu gukorana n'uwuyipfuza wese ;
- Kugabanya ubusumbasumbane mu benegihugu.

Ishirwa mu ngiro ry'uwu mugambi rizohagarara ku nkingi zine, arizo z'izi zikurikira :

- (I) :Gukomeza uburongozi bw'igihugu mu gufashanya mw'iterambere ;
- (II) : Kwungura ubumenyi n'ubushobozi bw'inzego zijejwe ivyo gufashanya ;
- (III) : Gukorana n'abandi ;
- (IV) :Gutunganya neza ingene uburyo buronderwa n'ingene bukoreshwa.

Ku bijanye n'inzego zizoshira mu ngiro uwo mugambi, zubakiye ku bushikiranganji bwa Mbere, ubw'ikigega ca Reta, ubw'imigenderanire y'Uburundi n'amakungu no gufashanya mw'iterambere, ubw'intwaro yo hagati mu gihugu, iterambere rusangi n'umutekano, be n'igisata muvyo kijejwe harimwo ibijanye n'iterambere mu Biro vy'Umukuru w'Igihugu.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino uwo mugambi **yarawemeje**, ivyasabwe bikaba ari ibi bikurikira:

- Mu ntunganyo y'uwu mugambi gufatira kw'itunganywa rishasha ry'Intara n'amakomine vy'Uburundi, itunganywa rishasha ry'ikoreshwa ry'amahera ya Reta, be n'amerekero ry'Uburundi mu mwaka w'2040 ;
- Mu mirwi yose uko isumbasumbana, ubushikiranganji bw'ikigega ca Reta nibwo bwofata icegeranyo;
- Mu bijanye no kurondera uburyo, kwegera n'abikorera ivyabo, mu ntumbero yo kwagura aho burondererwa, hagatunganywa neza n'ingene vyokorwa;
- Kwerekana neza ingene inzego za Reta zikorana n'abafashanya n'Uburundi mw'iterambere, kuva hasi gushika hejuru.

Haciye hashirwaho umurwi ugizwe n'abashikiranganji bajejwe ubutungane, ikigega ca Reta, inyubako, inderao, ukazohinyanyura neza iki gikorwa, ukerekana ingene ibisata vyose bigenda birasumbasumbana, ivyo bijejwe n'ingene bikorana, ni ukuvuga Reta muri rusangi, ubushikiranji butandukanye, abafashanya n'Uburundi, n'abikorera ivyabo.

**2. Umugambi w'igihugu werekeye inkino zo kurushanya umugisha n'intunganyo y'ishirwa mu ngiro yawo, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ubudandaji, gutwara abantu n'ibintu, amahinguriro n'ingenzi.**

Uyu mugambi ufise ihangiro ryo guteza imbere inkino zo kurushanya umugisha, mu kuzikurikiranira hafi.

Uwu mugambi utegekanywa ku kiringo co kuva muri uyu mwaka w'2023 gushika mu mwaka w'2035, hakaba ari naho amasezerano amwe amwe y'amashirahamwe akorera muri ico gisata c'inkino zo kurushanya imigisha azoba arangije ikiringo. Ishirahamwe LONA rizoheba ibikorwa vyaryo vyo kudandaza, ribe ariryo rikurikirana rikongera rikagenzura amashirahamwe akorera muri ico gisata.

Ku bijanye n'intunganyo y'ishirwa mu ngiro ry'uwo mugambi, rihagaze ku nkingi imwe, nayi ni iyo gukomeza igisata kijejwe gukurikiranira hafi no kugenzura inkino zo kurushanya umugisha, kugirango zigire ico ziterereye mw'iterambere ry'igihugu.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza uwo mugambi, **yarawemeje**, ivyashikirijwe navyo bikaba ari ibi bikurikira:

- Nta shirahamwe rirekuriwe kwegeranya amahera kiretse ribitumwe na Reta;
- Nta mitahe iboneka amashirahamwe akorera muri ico gisata yazanye ngaha mu Burundi;
- Kwerekana inkino zo muri ico gisata zihanwa n'igitabu c'amategeko mpanavyaha;
- Kwerekana ibibanza izo nkino zishobora gutunganirizwamwo n'ibisabwa;
- Kubuza inkino mwen'izo mu ma karitiye abamwo abantu b'amikoro make;
- Kwiga icokorwa kugirango igice kinini c'amahera yegeranywa muri izo nkino cinjire mu kigeza ca Reta;
- Mu kwemerera amashirahamwe akorera muri ico gisata kuza gukorera aha mu gihugu, kuraba neza ko akwije ibisabwa vyose, kandi hagategerezwa kuba harimwo n'Abarundi ;
- Mu kurindira ko hajaho igisata kijejwe kugenzura no gukurikiranira hafi amashirahamwe akorera muri ico gisata, kuzana mu nama nshikiranganji itegeko rigenga amashirahamwe asanzwe akorera aha mu gihugu.

**3. Integuro y'itegeko nshikiranganji risubiramwo itegeko nshikiranganji n°720/540/1054 du 06/6/2019 ryerekana ishirwa mu ngiro ry'umugambi wo gusuzuma ko imodokari zimeze neza hakoreshejwe ubuhinga bwa none, be n'itangwa ry'uruhusha rwo gutwara**

**abantu n'ibintu**, yashikirijwe n'umushikiranjanji w'ubudandaji, gutwara abantu n'ibintu, amahinguriro n'ingenzi.

Kw'igenekerezo rya 16 Ndamukiza 2015, Reta y'Uburundi yaragiraniye amasezerano n'ishirahamwe Global Smart Technologies Burundi yo kwandika imodokari zo mu Burundi no gukora agatabu kazo, ku kiringo c'imyaka cumi.

Kw'igenekerezo rya 06 Ruheshi 2019, inyuma y'imyaka ine ayo masezerano agiyeho, harashizweho itegeko nshikiranjanji ryerekana ingene uwo mugambi uzoshirwa mu ngiro. Iryo naryo rishinga ko ku mahera azorihishwa, ishirahamwe Global Smart Technologies Burundi rizotwara hagati y'ibice mirongo irindwi na bitanu kw'ijana na mirongo ine n'indwi kw'ijana (75% - 47%), ishirahamwe OTRACO naryo hagati y'ibice mirongo itatu na bitanu na cumi na bitanu kw'ijana (35% - 15%), Ikigo OBR naco hagati ya mirongo itatu na bitanu kw'ijana na cumi na bitanu kw'ijana (35% - 15%).

Iryo gaburwa ry'amahera ryarisunze iryo tegeko nshikiranjanji gushika kw'igenekerezo rya 29 Ruheshi 2021, aho hafatiwe ingingo yo guhagarika gukura amahera kuri konte asanzwe acako, kubera hari utunenge twibonekeje muri uko gukorana kwa Reta n'iryo shirahamwe.

Kw'igenekerezo rya 24 Nyakanga 2021, ubushikiranjanji bujewe gutwara abantu n'ibintu hamwe n'ubujewe ikigega ca Reta bwabwawe :

- Gusuzuma ico uruhande rumwe rwose rufise nk'umutahe muri uwo mugambi;
- Kuraba ico umwe umwe yoronka hafatiwe ku mutaha afisemwo;
- Gutegura amasezerano mashasha atagiramwo ubugunge.

Iyi nteguho ije inyuma yaho hashikirijwe icegeranyo cerekana ivy'uruhande rumwe rwose rufise nk'umutahe, aho kandi biboneka ko iryo shirahamwe ryerekanye ibiciro vy'umurengera ku bikoresho no ku buhinga rikoresha.

Inyuma y'iryo suzumwa, ibiharuro vy'abahinga vyerekanye ko Global Smart Technologies Burundi rifise umutahe ungana n'ibice mirongo ibiri na kimwe n'ibice bitatu kw'ijana (21,3%), mu gihe Reta y'Uburundi ifise ibice mirongo irindwi n'umunani n'ibice indwi kw'ijana (78,7%).

Birakenewe kandi ko ingingo yo guhagarika gukura amahera kuri konte yovaho kugirango ishirahamwe OTRACO rishobore kubandanya rikora.

Inama nshikiranjanji imaze guca hirya no hino iyo nteguho, **yaremeje** iryo gaburwa rishasha ry'umutahe, ni ukuvuga ibice mirongo ibiri na kimwe n'ibice bitatu kw'ijana (21,3%) kuri Global Smart Technologies Burundi, n'ibice mirongo irindwi n'umunani n'ibice indwi

kw'ijana(78,7%) ku ruhande rwa Reta y'Uburundi be n'uko ingingo yo guhagarika gukura amahera kuri konte yovaho. Ibindi vyashikirijwe ni ibi bikurikira :

- Mu ntangamarara (visas) gushiramwo icegeranyo c'abahinga;
- Iharurwa ry'ishirwa mu ngiro ry'iryo tegeko nshikiranganji rizotangura guhera kw'igenekerezo 29 Ruheshi 2021;
- Gusuzuma ko ishira hamwe Global Smart Technologies Burundi ryashize mu ngiro ivyo riyemeje mu bijanye no kwigisha abakozi ba OTRACO ibijanye n'ubuhinga bakoresha, no kuraba uburenganzira ishira hamwe Global Smart Technologies Burundi buzosigarana kuri ubwo buhinga mu gihe amasezerano rifitaniye na Reta azoba yarangiye ikiringo cayo;
- Kuraba amahera yose iryo shira hamwe rimaze kuronka no kuraba ko ritaciye riyavunja mu mahera mvamakungu akajanywe hanze y'igihugu, hanyuma ingingo zibereye zifatwe ;
- Ibanki nkuru y'igihugu ibwirizwa kugenzura ingene amahera mvamakungu aja hanze y'igihugu;
- Kuraba ko ingingo y'uko isuzumwa ry'imodokari mu gihugu hagati , cane cane i Bururi n'i Gitega yashizwe mu ngiro nk'uko vyari bitegekanijwe;
- Guhimiriza OTRACO igakorerwa udutabu turanga imodokari ngaha mu gihugu.

Abashikiranganji bajejwe ubutungane, intwari yo hagati mu gihugu, gutwara abantu n'ibintu, n'ubutunzi bazofasha mu gutosora iyo nteguro.

**4. Integuro y'amasezerano y'intangamarara hagati ya Reta y'Uburundi n'ishira hamwe Fly Burundi**, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ubudandaji, gutwara abantu n'ibintu, amahinguriro n'ingenzi.

Ishira hamwe Fly Burundi ryipfuzwa gukorana na Reta y'Uburundi, mu ntumbero yo kuzoshiraho ishira hamwe ry'igihugu ryo gutwara abantu n'ibintu hakoreshejwe indege.

Reta y'Uburundi ikaba yasavye iryo shira hamwe ko hoshirwaho amasezerano y'intangamarara y'ikiringo c'imyaka ibiri, aho iryo shira hamwe ryokora ryonyene ritari kumwe na Reta y'Uburundi, kugirango rigaragaze ubushobozi bwaryo haba mu vy'uburyo canke mu vy'ubuhinga mu bijanye n'indege.

Ni muri yo ntumbero aya masezerano yashikirijwe.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza aya masezerano, **yashikirije** ibi bikurikira:

- Ishira hamwe Fly Burundi rikwiye kwegera Ishira hamwe Burundi Airlines bakavugana ingene bokorana;
- Umushikiranganji ajejwe gutwara abantu n'ibintu yokurikirana amadosiye y'amashira hamwe yasavye gukorera mu Burundi kugirango uyu mwaka uzohere hari izimaze gutangura gukora, kugirango uburenganzira igihugu gifise bw'uko indege zaco zishobora kwururukira mu bihugu bimwe bimwe ntibupfe ubusa;

- Kwugururira amashirahamwe manini manini akorera mu gisata co gutwara abantu n'ibintu hakoreshejwe indege yipfuza gukorana n'Uburundi.

**5. Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano hagati ya Reta y'Uburundi na Reta ya Maldives yo kutarihisha uruhusha rwo kwinjira muri ivyo bihugu ku benegihugu bavyo, yashikirijwe n'umushikiranganji w'imigenderanire y'Uburundi n'amakungu, no gufashanya mw'iterambere.**

Ayo masezerano yateweko igikumu kw'igenekerezo rya 26 Ndamukiza 2023. Ategekanya kworoshya uruja n'uruza ku mwenegihugu w'igihugu kimwe muri ivyo yipfuza kuja muri ico kindi gihugu.

Ni intambwe yindi mu gukomeza imigenderanire hagati y'ivyo bihugu bibiri.

Iyemezwa ry'ayo masezerano rizokomeza kandi ugufashanya hagati y'ivyo bihugu. Kubera ico gihugu kiri mu biteye imbere cane mu gisata c'ingenzi, Uburundi buzoshobora kucigirako ibitari bike bijanye n'ico gisata.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje.**

**6. Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano yo gufashanya mu vya gisirikare n'ivy'ubuhinga hagati ya Reta y'Uburundi na Reta y'Uburusiya, yashikirijwe n'umushikiranganji wo kwivuna abansi no kwitaho abahoze ku rugamba.**

Mu mirimo Reta y'Uburundi yashinze urwego rw'igisirikare, harimwo gukingira imbibe z'igihugu n'ukwikukira kw'Uburundi.

Urwo rwego rutegerezwa kurwanya uwo wese yotera inzego z'igihugu, rukongera rugakingira inyungu nkuru nkuru z'igihugu.

Kugirango urwo rwego rurangure neza iyo mirimo rwashinzwe, rutegerezwa kuronka ibikoresho vya gisirikare bigezweho.

Ni muri iyo ntumbero hatewe umukono ku masezerano yo gifashanya mu vya gisirikare no mu vy'ubuhinga hagati ya Reta y'Uburundi na Reta y'Uburusiya, ariko bigasaba ko yemezwa kugirango ashobore gushirwa mu ngiro.

Inama nashikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje.**

**7. Integuro y'itegeko nshikiranganji rishira mu ngiro itegeko n°100/261 ryo ku wa 18 Munyonyo 2021 rigenga abahoze ku rugamba, yashikirijwe n'umushikiranganji wo kwivuna abansi no kwitaho abahoze ku rugamba.**

Iryo tegeko nshikiranganji ritegekanywa n'itegeko n°100/261 ryo ku wa 18 Munyonyo 2021 rigenga abahoze ku rugamba.

Iyi nteguro iratomora rero ivyo uwahoze ku rugamba afitiye uburenganzira mu bijanye no gutegekanirizwa kazoza be n'utundi turusho. Iravuga kandi n'ivyo asabwa.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yashikirije** ibi bikurikira:

- Gukora intonde z'abahoze ku rugamba, mu Ntara imwe imwe yose ;
- Gukora urutonde rw'abo Reta isanzwe ishigikira;
- Gukora urutonde rw'abakeneye gufashwa.

Ivyo bizoheza bifashe mu gushiraho ikigega kizoba kijejwe gushigikira abakwiye gufashwa koko.

**8. Urwandiko rwerekeye ingene Reta yoronka akarusho kavuye mu butare bwa Wolframite, Cassitérite na Colombo-Tantalite bucukurwa hakoreshejwe ubuhinga bubayabaye, yashikirijwe n'umushikiranganji w'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka.**

Reta y'Uburundi yarabonye ko ubutare bucukurwa hakoreshejwe ubuhinga bubayabaye ata kinini buterera mw'iterambere ry'igihugu. Igice Reta ironka ni gito cane kandi agataka ari ak'igihugu.

Kugirango ntihabe wandya wangura, ibiharuro vyakozwe vyerekanye ko inzira ya mbere yoba ari uko igice ca Reta congana n'ibice indwi kw'ijana(7%) vy'ikiguzi c'ubutare bwashowe ariko koperative ikabandanya iriha amakori n'amatagisi kuvyo yagurishije.

Inzira ya kabiri ni uko ikoperative yoriha ibice mirongo itatu kw'ijana (30%) vy'ayo yagurishije, ariko ntihagire amakori n'amatagisi iriha.

Urwo rwandiko rurashikiriza n'izindi ngingo zofatwa kugirango amahera mvamakungu ava mu butare yinjira mu kigega ca Reta yiyongere, aha ni nko gutera intege abanyamitahe b'abarundi canke abanyamahanga ngo bashire amahinguriro y'ubutare mu gihugu, kugirango ubwo butare bushorwe bwahinguwe, kurwanya urudandazwa rwa magendo rw'ubutare mu gushira igiciro cabwo ku rugero rw'ibihugu vyo ngaha mu karere, n'ibindi.

Inama nshikiranganji yihweje ivyashikirijwe, yabonye ko vyoba vyiza iyo nteguro ibanje kubangira, habanze hashirwe mu ngiro igitabu gishasha c'amategeko agenga ubutare mu Burundi kigiye guterwako umukono vuba.

9. **Urwandiko rwerekeye iyongerwa ry'ikiringo c'itangazwa ry'isoko mpuzamakungu kw'ishirahamwe canke umurwi w'amashirahamwe yipfuza kwimba ubutare bwa nikeli y'i Musongati**, rwashikirijwe n'Umushikiranganji w'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka.

Kw'igenekerezo rya 01 Ntwarante 2023, Reta y'Uburundi yaratangaje isoko mpuzamakungu ryo kurondera ishirahamwe canke umurwi w'amashirahamwe yipfuza kwimba ubutare bwa nikeli y'i Musongati n'ubundi bubangikana.

Ku madosiye cumi n'imwe(11) yashikirijwe, imwe yonyene niyo yaronse amanota akwiye, kugirango izindi ntamwe zibandanye.

Igituma ico kiringo cokwongerezwa ni kugirango urutonde rw'amashirahamwe ahiganwa rwaguke, hanyuma Reta ironkemwo iyifise uburambe n'ubushobozi mu bijanye no gucukura, guhingura no kudandaza ubutare bwa nikeli.

Inama nshukjiranganji imaze guca hirya no hino urwo rwandiko, **yasavye ko amadosiye yose yashikirijwe yokwigwa, hagatorwamwo zitatu za mbere, ico gikorwa kigashikirizwa inama nshikiranganji.**

10. **Urwandiko rujanye n'iyinjira ry'Uburundi mw'ishirahamwe Africa Finance Corporation**, rwashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Ishirahamwe Africa Finance Corporation ryashinzwe n'ibihugu vyo muri Afrika mu mwaka w'2007 kugirango ritorere inyishu ibijanye n'inyubako muri Afrika. Ibihugu mirongo itatu n'indwi (37) vyaramaze kuryinjiramwo.

Ibisata bikuru bikuru rishiramwo imitahe ni umuyagankuba, ubutunzi kama, amahinguriro manini manini, uguhanahana amakuru, ubuhinga, ugutwara abantu n'ibintu, n'ibindi.

Ukwinjira muri iryo shirahamwe nta buryo bisaba. Igihugu kiraryinjiramwo, kibishoye kigatangana n'umutahe, canke uwo umutahe ukazotangwa mu nyuma mu gihe igihugu kibishakiye, canke kibishoboreye.



Uru rwandiko rusaba ko Uburundi bwokwinjira muri iryo shirahamwe, hanyuma mu nyuma bukaraba ko bwoba umunyamutahe.

Inama nshikjiranganji imaze kwihweza uwo rwandiko, **yarashigikiye** ko Uburundi bwokwinjira muri iryo shirahamwe.

**11. Amasezerano y’intangamarara hagati ya Reta y’Uburundi n’ishirahamwe MASTERCARD ASIA/PACIFIC PTE. LTD**, yashikirijwe n’umushikiranganji w’ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y’iterambere.

Ayo masezerano yerekana icipfuzo c’izo mpande zibiri zo gukorana, hanyuma hazojeho amasezerano nyezina.

Ihangiro ni uko iryo shirahamwe ryofasha mugushiraho ubuhinga bwo guhanana amafaranga hakoreshejwe ubuhinga ngurukanabumenyi.

Bizotuma n’amabanki atera imbere muvuy’ubuhinga akoresha, n’abantu baba ahatagira imihora biborohere guhanahana amahera bakoresheje ubwo buhinga.

Inama nshikiranhanji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, ivyashikirijwe navyo bikaba ari ibi bikurikira:

- Iyi nteguro yanditse nk’uko yoba ari amasezerano nyezina kuko harimwo ibijanye no gutatura amatati bitategerezwa kujamwo ;
- Indimi zemewe gukoreshwa zoba Igifaransa n’Icongereza ;
- Birakenewe gusuzuma neza ko iryo shirahamwe rikorera mu bihugu vyose rivuga ko rikoreramwo ;
- Hosuzumwa ko iryo shirahamwe ariryo ryo kw’itsitso canke ko atari ishami ryaryo ;
- Amashirahamwe yose yipfuzwa gukorera mu gisata co guhanahana amahera hakoreshejwe ubuhinga ngurukanabumenyi yokwugururirwa imiryango, hakihwezwa neza gusa ko ari ishishirahamwe rizwi neza .

Abashikiranganji bajejwe inyubako, ubutungane, ubudandaji, guhanahana amakuru, imigenderanire, n’ikigega ca Reta bazoterera mu guhinyanyura neza iyi nteguro.

**12. Integuro y’itegeko ringanisha iyunguruzwa mu mapete n’ingene hosubira kwugururwa iryo duzwa ry’amapete mu bisata vya Reta bigengwa n’amategeko vyisangije (statuts spéciaux)**, yashikirijwe n’umushikiranganji w’ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y’iterambere.

Intumbero y'iri tegeko ni ugukuraho ubutandukane buri mu kugene abantu bari muri ivyo bisata baduga mu mapete y'akazi.

Ukwo kuduga amapete n'uturusho bijana usanga hari aho bitegekanijwe n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu, itegeko nshikiranganji, amategeko y'ishirahamwe canke ingingo y'urwego nshingwantwaro.

Birakenewe rero ko haja itegeko rimwe ritegekanya ingene amapete aduga muri ivyo bisata vyose.

Ni muri iyo ntumbero iyi nteguro y'itegeko yashikirijwe.

Iryo yugurura ry'amapete rizofasha kugirango umwe wese abone aho ageze hafatiwe ku manota yagiye araronka kuva mu mwaka w'2015 gushika mu mwaka w'2022.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**, muvyashikirijwe hakaba harimwo guca haharurwa n'ingoga uburyo buzokenerwa iri tegeko rimaze kujaho.

**13.Integuro y'itegeko ry'umushikiranganji wa Mbere risubiramwo itegeko n°120/121/01/2018 ryo ku wa 23 Ndamukiza 2018 ryerekana ingene impusha n'impamba ku ngendo birekuwe na Reta bitangwa**, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Iyo nteguro ije kugirango urugero rw'impamba itangwa rufatire k'ukugene ubuzima bumeze haba hanze y'igihugu canke mu gihugu hagati.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, yaciye isaba umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta kugira icirwa kijanye n'agashirikabute gatanga ku bitavye inama, be n'impamba itangwa mu nzego zimwe zimwe, ubushukiranganji butandukanye nabwo burabe ingendo zishobora gukorwa mu kwezi, kugirango uburyo bukenewe bushobore guharurwa neza. Iryo bizofasha kugirango ababijwe bafate ingingo ibereye.

**14.Integuro y'itegeko ry'Umushikiranganji wa Mbere rishira mu ngiro ingingo ya 36 y'ibwirizwa n°1/16 ryo ku wa 28 Ruheshi 2023 rishinga amahera Reta izokoresha mu mwaka 2023 ushira uw'2024**, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Iyo ngingo ya 36 ivuga ko “agashirikabute ku bitavye inama z’imirwi ishirwaho kugirango ikore igikorwa kivutse gafutwe, kiretse ku mirwi yamaho, mpuzabushikiranganji, ishirwaho n’ibwirizwa, itegeko ry’Umukuru w’Igihugu canke ry’Umushikiranganji wa Mbere.

Itegeko ry’Umushikiranganji wa Mbere niryo rishinga ingene iyo mirwi ikora”.

Inama nshikiranganji imaze guca hiryo no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, ibanje kuyunganira mu duce tumwe tumwe.

**15.Integuro y’itegeko ry’Umushikiranganji wa Mbere rishira mu ngiro ingingo ya 42 y’ibwirizwa n°1/16 ryo ku wa 28 Ruheshi 2023 rishinga amahera Reta izokoresha mu mwaka 2023 ushira uw’2024, yashikirijwe n’umushikiranganji w’ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y’iterambere.**

Iyo ngingo ivuga ko “muri uyu mwaka w’amahera ya Reta w’2023 ushira uw’2024, igurwa ry’ibikoresho ku bushikiranganji canke izindi nzego za Reta rishobora kuba kuwubihingura haba aha mu gihugu canke hanze y’igihugu, iyo yabanje kwerekana ko afise ubuhinga be n’uburyo bikwiye.

Iyo ngingo yerekeye akandi amashirahamwe ya Reta akoresha uburyo ahawe na Reta.

Itegeko ry’Umushikiranganji wa Mbere niryo ryerekana ingene iyo ngingo ishirwa mu ngiro ».

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**, ica ishikiriza ibi bikurikira :

- Ubushikiranganji bujewe ibikoresho vya Reta bwogira uruhara iyo hageze gutanga isoko ryo kugura ibikoresho;
- Hoshirwa imbere ibikoresho bihingurirwa aha mu gihugu;
- Amasoko y’ivyana nkenerwa bimwe bimwe mu gisirikare n’igipolisi yotangirwa mu karere k’aho abo bigenewe bari.

**16.Integuro y’urugero rw’amahera azokoresha muri Reta mu gice ca mbere c’umwaka w’i 2023 ushira uw’ 2024, yashikirijwe n’Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta no gutegekanya imigambi y’iterambere.**

Urugero rw’amahera akoreshwa rubwirizwa kwubahiriza ibwirizwa rigenga amahera azokoresha na Reta mu mwaka w’2023 ushira uw’2024 ritegeka kwerekana urugero rw’amahera akoreshwa mu bisata vya Reta ku mezi atatu atatu, hisunzwe indinganizo y’ibikorwa n’amahera ategakanijwe ku mwaka.

Urwo rugero rw’amahera rwerekeye amahera yose akoreshwa, kiretse ayajanye n’imishahara be no kuriha amadeni.

Muri uyu mwaka w'amahera ya Reta w'2023 ushira uw'2024, amahera azosohoka bivanye n'ingene yinjiye.

Amahera atazoba yakoreshejwe mu gice ca mbere c'umwaka azoca aba impfagusa, kandi arashobora gutangwa ku bundi bushikiranganji canke urundi rwego rwa Reta.

Harategeganijwe ahazoshirwa amahera atazoba yakoreshejewe, kugirango ashobore kwikorwako iyo habaye igikorwa cihuta kivutse.

Inama nshikiranganji **yaremeje** urwo rugero rw'amahera.

### **17.Utuntu n'utundi**

Inama nshikiranganji yariyamirije inyifato y'Umurwi ujejwe agateka ka zina muntu mw'ishirahamwe mpuzamakungu Onu aho mu nama yayo igira ijana na mirongo itatu n'umunani (138<sup>ème</sup> session) yabereye i Genève watumiye Abarundi bakurikiranwa n'ubutungane mu Burundi kandi bamaze gucirwa imanza, iruhande y'intumwa z'igihugu zari zagiye gushikiriza uwo murwi icegeranyo kigira gatatu c'ingene agateka ka zina muntu kifasha ngaha mu Burundi, ku magekerezwa ya 03 na 04 Mukakaro 2023.

Reta y'Uburundi ibona ko ku ruhande rw'uwo murwi, ari uburyo bwo gusasira indava ukudahana ivyaha, bikaba biciye kubiri no kwubahiriza no guteza imbere agateka ka zina muntu, mu gihe mu Uburundi buriko bukora ibishoboka vyose kugirango ukudahana ivyaha kuranduranwe n'imizi, gurtyo agateka ka zina muntu kubahirizwe koko.

Reta y'Uburundi irakeje intumwa zari zagiye muri iyo nama ku nyifato nziza zagize, kuko yerekana ugukunda igihugu.

Reta y'Uburundi iteye akamo uwo murwi ujejwe agateka ka zina muntu ngo wikebuke, kugirango ureke guhimiriza ikintu ngo uce ukora igihushane caco.

Bigiriwe i Gitega, igenekerezo rya 06 Mukakaro 2023

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba n'Umuvugizi

Prosper NTAHORWAMIYE